

KIJAN POU POTE PLENT

Si ou kwè ke yo te asele ou seksyèlman,
ou kapab pote yon plent nan Divizyon
Dwa Moun Eta Nouyòk la.

Ou dwe pote yon plent nan
Divizyon an avan yon ane apre zak
diskriminasyon ou ap akize yo fè a. Pou
plis enfòmasyon oubyen pou pote yon
plent, ou kapab kontakte biwo rejyonal
ki pi pre lakay ou oubyen travay ou
a, oubyen vizite sit wèb nou nan:

www.dhr.state.ny.us

KÈK KESYON:

Èske mwen bezwen pote yon plent anndan travay
la sou yon anviwònman ki ostil avan mwen pote
plent ak Divizyon an?

Ou pa oblije pote yon plent anndan travay la avan
ou pote plent nan Divizyon an men nou rekòmande
ou fè sa. Genyen sikonstans kote tribinal yo konn di,
si yon anplwaye pa di anplwayè li sa, pou anplwayè
a jwenn yon opòtinite pou rezoud anviwònman
seksyèlman ostil la, anplwayè a kapab pa responsab.

Èske m ap soufri vanjans si mwen pote plent?

Lwa sou Dwa Moun Eta Nouyòk entèdi vanjans, kit
se paske ou te pote plent ak anplwayè ou ak/oubyen
paske ou te pote plent ak Divizyon an. Si ou santi ou
se yon viktim vanjans, ou dwe kontakte Divizyon an
pou pote yon plent.

Mwen se yon fanm. Yon lòt fanm ap asele mwen
seksyèlman, èske mwen ka pote yon plent ?

Wi, asèlman seksyèl kapab pase ant gason ak fanm,
gason ak gason, oubyen fanm ak fanm.

Èske yon grenn ensidan konpòtman seksyèl ki pa
apwopriye ase pou li asèlman seksyèl epi èske
mwen ka pote yon plent?

Yon grenn ensidan kapab pa ase pou monte nan
nivo asèlman seksyèl, dapre severite ensidan sa a.
Lwa a mande pou konpòtman an sevè ak/oubyen
anvayisan, kidonk yon grenn blag oubyen kòmantè
kapab pa ase pou li asèlman seksyèl. Sepandan,
tribinal yo di tou ke yon grenn ensidan kapab
konsidere tankou yon asèlman seksyèl. Kit se yon
grenn ensidan oubyen plizyè ensidan, ou toujou gen
dwa pou pote yon plent. Divizyon an gendwa toujou
kapab ede ou.

ASÈLMAN SEKSYÈL

NEW YORK STATE
DIVISION OF
**HUMAN
RIGHTS**

ANDREW M. CUOMO, GOVERNOR

ONE FOR DHAM PLAZA
BRONX, NEW YORK 10458
(718) 741-8400
Toll Free 1-888-392-3644
TDD (718) 741-8300

WWW.DHR.NY.GOV

Asèlman Seksyèl Illegal

Asèlman seksyèl entèdi kòm yon fòm diskriminasyon sèks nan Lwa sou Dwa Moun Nouyòk, Tit VII nan Lwa Federal 1964 sou Dwa Sivil Federal 1964 la, ak plizyè lwa lokal. Konpòtman ilegal sa a kapab rive nan travay, lojman, enstitisyon edikasyon, oubyen akomodasyon piblik. Men pi souvan, se nan travay asèlman seksyèl rive.

ASÈLMAN SEKSYÈL NAN TRAVAY

Konpòtman ki asèlman seksyèl kapab avans seksyèl pa bouch oubyen fizik, pawòl ki dekri sèks, oubyenremak diskriminasyon ke moun nan pa renmen oubyen ki ofanse oubyen fè moun nan yo ap fè li a kesyone aksyon moun nan. Egzanp kapab tankou:

- mande moun pou antre nan relasyon seksyèl, kikapab ansanm ak menas dirèk oubyen endirèk konsènan evalyasyon pèfòmans travay moun nan oubyen pwomosyon.
- presyon ki anba chal oubyen dirèk pou fè aktivite seksyèl endezirab.

- asèlman vèbal oubyen abi nan fòm kòmante oubyen kesyon ki gen rapò ak sèks.
- kontak fizik ki pa nesèsè oubyen pa apwopriye.
- montre foto oubyen desen ki obsèn.

Avans seksyèl moun nan pa renmen, mande pou antre nan relasyon seksyèl, ak lòt konpòtman ki gen nati sèks kapab asèlman seksyèl ilegal lè :

- yo mande moun nan pou li fè bagay la (swa dirèkteman oswa endirèkteman) ak règ oubyen kondisyon travay ;
- yo itilize si moun nan fè, oubyen pa fè, bagay la kòm yon rezon pou pran desiyon ki afekte travay moun nan ; oubyen.
- jan de konpòtman sa kapab deranje pèfòmans travay moun nan, oubyen kreye yon anvivònman travay ki entimide, ostil oubyen ofanse moun nan.

AKSYON OU KAPAB PRAN SI W VIKTIM A SIBI ASÈLMAN SEKSYÈL :

- Si moun k ap asele ou a se sipèvizè ou pale ak sipèvizè pa li. Kenbe nòt konsènan kontak sa a, tankou dat, nati konvèsasyon an, ak swivi, si genyen.
- Repòte konpòtman an bay anplwayè ou pa Administratè Aksyon Afimatif la, Direktè Pèsonèl, Ofisye Egalite Chans tout moun pou jwenn travay la, Reprezantan Sendika oubyen nenpòt lòt moun ki responsab pou regle plent asèlman seksyèl. Kenbe nòt konsènan kontak sa a, tankou dat, nati konvèsasyon, ak swivi, si genyen.
- Ekri sa ki ap pase ou a. Mete egzakteman sa moun nan di, fason li fè asèlman an, ak non temwen. Kenbe nenpòt lèt, kat oubyen imèl li voye ba ou. Kenbe jounal la ak nòt yo yon bon kote, lakay ou se pi bon kote.
- Chèche konnen si lòt moun ki travay avèk oubyen tou pre moun k ap asele ou a si li janm asele yo, oubyen si yo konnen okenn moun li te konn oubyen ap asele.

Malgre ke nou rekòmande ou pou fè sa yo ki ekri anlè a, ou kapab pote yon plent ak Divizyon Dwa Moun nan menm si ou poko pran etap sa yo.